



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO MEZI POU ASIRE YO PWOTEJE DWA KRISYAL YO EPI YO ENKLI, PWOTEJE AK SELEBRE KOMINOTE YO ATRAVÈ NOUYÒK**

*Ranfòse libète repwodiktif nan investiman founisè yo epi pwoteje yo kont pouswit andeyò Eta a*

*Gouvènè a pwopoze pou deziyen Harriet Tubman kòm youn nan reprezantan Nouyòk nan Sal Estati Kapitòl Etazini an*

*Bati relasyon ki pi solid ak nasyon Endijèn yo atravè kolaborasyon ak reprezantasyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nouvo inisyativ pou pwoteje ak ranfòse dwa repwodiktif ak reprezantasyon kiltirèl nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a. Sa enkli kontinye lidèchip Nouyòk kòm yon pò ki an sekirite pou swen repwodiktif ak deziyen Harriet Tubman kòm youn nan reprezantan Nouyòk nan Sal Estati (Statuary Hall) Kapitòl Etazini an.

"Nouyòk se kay chak gwo mouvman nan istwa nasyon nou an — batay pou dwa fanm yo, dwa sendika, pwoteksyon anviwònman ak plis ankò," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan Seneca Falls rive nan Stonewall, Nouyòk yo te toujou avangadis nan kad mouvman pou chanjman sosyal. Mwen pran angajman pou m kontinye lidèchip sa a kounye a ak alavni."

**Pwoteje Dwa Repwodiksyon ak Aksè ak Avòtman**

**Soutni Fon Sibvansyon pou Libète ak Ekite Repwodiksyon**

Gouvènè Hochul te kreye Fon Sibvansyon pou Libète ak Ekite Repwodiksyon an me 2022 pou amelyore aksè ak avòtman epi li te kodifye nan Bidjè Ane Fiskal 2025 Eta a. Inisyativ sa a adrese bezwen pou sèvis swen sante repwodiktif elaji nan Nouyòk. Fon an te sipòte founisè sante repwodiktif ak pwogram sipò enpòtan pou asire aksè ekite ak swen avòtman atravè eta a. Ane sa a, Gouvènè Hochul pral distribye 25 milyon dola nan finansman pou pwogram nan, ak yon konsantre sou ranfòse aksè ak swen repwodiktif konplè pou tout Nouyòk yo.

**Ranbouse founisè yo pou sèvis avòtman yo yon fason ekite**

Pandan plizyè ane, founisè sante repwodiktif yo pa resevwa finansman ki adekwa pou kouvri tout depans pou swen avòtman atravè medikaman ak lòt sèvis avòtman yo. Kòm rezilta, twòp founisè plonje anba gwo presyon finansye pandan y ap eseye akonpli misyon yo pou bay moun nan tout eta a swen avòtman san danje epi ki aksesib. Gouvènè Hochul pral bay yon nouvo fliks finansman fleksib 20 milyon dola pou pèmèt founisè yo pi byen adapte yo ak enpak posib administrasyon federal k ap vini an epi asire founisè sa yo jwenn ranbousman yon fason ekitab pou bay sèvis avòtman.

### **Ranfòse enfrastrikti swen sante repwodiktif**

Anpil etablisman swen sante repwodiktif nan Nouyòk bezwen mizajou enfrastrikti enpòtan yo pou yo ka bay tout seri sèvis konplè yo. Bati sou envestisman Nouyòk nan founisè sante repwodiktif atravè Fon Sibvansyon Libète ak Ekite Repwodiktif la ak finansman sibvansyon sekirite, Gouvènè Hochul pral elaji finansman an pou sipòte envestisman kapital enpòtan pou founisè yo. Lajan sa yo pral pèmèt renovasyon, amelyorasyon ekipman, planifikasyon, ak konstriksyon pou ede enstalasyon yo modènize ak garanti operasyon pa yo. Aksyon sa a vize asire yon rezo founisè ki pi laj kapab bay tout Nouyòkè bon jan kalite swen sante repwodiktif.

### **Pwoteje avòtman kòm swen medikal ijans**

Lwa sou Swen Medikal Ijans ak Travay (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA) federal la mande pou lopital yo bay pasyan ki gen pwoblèm medikal ijans swen estabilize, kèlkeswa kapasite yo pou peye. Sepandan, avòtman pa klèman defini kòm swen medikal ijans dapre Lwa Nouyòk la. Gouvènè Hochul priyore pou pwoteje dwa repwodiktif ak asire aksè ekitab ak swen. Pou abòde mank sa a, li pral kodifye avòtman kòm swen medikal ijans pwoteje nan Eta Nouyòk epi mande pou lopital yo bay swen medikal ijans estabilize sa a, ranfòse aksè ak sèvis avòtman lè li medikalman nesèsè.

### **Pwoteje idantite moun k ap preskri avòtman atravè medikaman yo**

Founisè medikal nan Nouyòk ki preskri avòtman atravè medikaman bay pasyan nan eta anti-avòtman fè fas a risk si yo devwale idantite yo. Kounye a, etikèt preskripsyon yo gen ladan non founisè a, ki ka ekspoze yo fas ak asèlman oswa domaj. Pou adrese sa, Gouvènè Hochul pral prezante lejislasyon ki pèmèt etikèt preskripsyon evite montre non founisè a, sa k ap pwoteje idantite founisè sa yo. Chanjman sa a pral asire ke founisè yo ka kontinye ofri swen esansyèl bay pasyan yo ki nan eta kote ki gen lwa anti-chwa ki mete restriksyon san yo pa pè ekspozisyon. Y ap toujou kenbe dosye yo pou yo ka pouswiv founisè yo nan ka move itilizasyon oswa abi, pou ekilibre vi prive ak responsablite.

### **Selebre plis pase 400 lane istwa Ameriken dorijin Afriken yo nan Nouyòk**

**Deziyen Harriett Tubman kòm kontribisyon Nouyòk nan Sal Estati Nasyonal la**  
Nouyòk gen opòtinite pou onore Harriet Tubman, yon senbòl kouraj, liberasyon, ak egalite, lè li kòmanse pwosesis pou enstale yon estati li nan Sal Estati Nasyonal Kapitòl Etazini an. Istwa Tubman koneksyon pwofondman ak Nouyòk, kote li te viv ak travay pou avanse libète ak jistis, sa ki fè li yon reprezantan ideyal nan valè eta a yo. Pou reyalize sa, Gouvènè Hochul pral travay ak Lejislati a pou adopte yon rezolisyon pou finansman konsepsyon, konstriksyon, ak transpò estati a. Efò sa a pral pote pi gwo

rekonesans pou kontribisyon fanm yo nan listwa epi alinye ak mouvman ki pi laj pou reprezantasyon egal.

### **Etabli bous pou selebre ak avanse istwa Ameriken dorijin Afriken**

Kontribisyon Ameriken dorijin Afriken yo nan istwa Nouyòk enpòtan, men souvan yo manke rekonèt yo. An 2022, Gouvènè Hochul te siyen Dekrè Egzekitif 15 pou etabli Komisyon Eta Nouyòk pou Istwa Ameriken dorijin Afriken yo, ki an 2024 te bay rekòmandasyon pou investi nan kilti, edikasyon, atizay ak avansman ekonomik Ameriken dorijin Afriken yo.

Pou bati sou efò sa yo, Gouvènè a pral etabli ak dote yon bous nan kad Inisyativ "Tou Istwa Nou an". Bous sa a pral avanse rechèch, sipòte dekouvèt k ap kontinye, epi selebre wòl esansyèl Nouyòkè Nwa yo nan fasone eritaj Eta a.

### **Kolabore ak Nasyon Endijèn yo**

#### **Nouvo materyèl edikatif pou istwa & kilti endijèn lan**

Pou abòde mank edikasyon sou istwa ak kilti endijèn yo, eta a pral kreye nouvo materyèl edikatif K-12, kolabore ak SUNY, Gwoup Konsiltatif sou Edikasyon Endijèn nan Eta Nouyòk, ak ekspè Endijèn yo pou asire presizyon. Y ap bay yon envestisman 500,000 dola yon sèl fwa pou devlope ak distribye resous edikatif sa yo, ankouraje pi gwo konpreyansyon, defye move enfòmasyon, ak ankouraje ekite rasyal.

#### **Ogmante ak komisyon travay atistik Endijèn nan Kapitòl la**

An akò ak rekòmandasyon Gwoup Konsiltatif sou Travay Atistik ak Reprezantasyon Endijèn yo, inisyativ sa a pral komisyon nouvo travay atistik atis Endijèn ki soti nan nèt Nasyon Endijèn Nouyòk yo pou yo ekspoze yo nan Kapitòl Eta a. Yon envestisman yon sèl fwa ki evalue a 150,000 dola pral sipòte evènman kòmans, enstalasyon, ak inogirasyon an.

### **Amelyore pwogram konsèy yo**

An 2021, Gouvènè Hochul te lanse Inisyativ Konsèy Latina (Latina Mentoring Initiative, LMI) pou ekipe lidè latina alavni yo ki gen laj ant uit (8) a 24 ane lè yo devlope konpetans jeneral, konfyans ak nourri aspirasyon atravè devlopman pèsònèl ak pwofesyonèl. Nan twa dènye ane ki sot pase yo, LMI te kreye yon kominote jèn ki enspire pa reprezantasyon Latino epi ankouraje yo pou elaji posiblite pa yo. Ane sa a, Gouvènè Hochul ap ogmante envestisman nan LMI pou pèmèt yo sèvis plis jèn nan pwogram ki gen anpil enpak sa a. Anplis de sa, pwofite aprantisaj nan kad siksè LMI an, Gouvènè Hochul ap lanse Inisyativ Konsèy pou Ti Fi Nwa pou sipòte jèn fanm nwa yo.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)